# «Миллий кийим – мәнаўият тийкары»

Нөкис қалалық ҳәкимлиги дин ислери бөлими ҳәм Республика Руўхыйлык ҳәм ағартыў орайы Нөкис қалалық бөлимлери тәрепинен 1-сектор аймағында жайласқан улыўма билим бериў мектеплери арасында жаслардың идеялогиялық иммунитетин беккемлеў, олар арасында кийиниў мәдениятын арттырыў, миллийлигимизге болған ҳүрметти оятыў, сондай-ақ жат идеялар тәсиринен сақлаў мақсетинде «Миллий кийим-мәнаўият тийкары» сүрени астында таңлаў шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Таңлаўға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Сапарбаев, Нөкис каласы ҳәкиминиң орынбасары Ж.Абдижамилов, Қарақалпақстан Мусылманлар қазыяты қәнигеси Т.Досымбетова, Қарақалпақстан Республика аймақлық басқармасының Нөкис қалалық дин ислери бойынша бас қәнигеси Х.Незаматов, Республика Руўхыйлык ҳәм ағартыў бөлими баслығы Қ.Нуратдинов ҳәм Нокис калалық Халық билимлендириў бөлими қәнигеси Ғ.Уралбаевалар қатнасты.

Image not found or type unknown

Таңлаў «Миллий кийимлер көргизбеси» ҳәм «Миллий кийимлер мәденияты бойынша сахналық көринис»  шәртлеринен ибарат болып, таңлаў жуўмағында пайтахтымыздағы 38-санлы улыўма билим бериў мектеби 1-орынды, 25-санлы мектеп 2-орынды ҳәм 19-санлы мектеплер 3-орынды ийелеп, жеңимпазлар таңлаў шөлкемлестириўшилери тәрепинен ҳүрмет жарлығы ҳәм баҳалы саўғалар менен сыйлықланды.

Республикалық Руўхый-ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлими